


# Ou santi moustik ap pike w?



Sa vle di li lè pou drennenepikouvri:

## DRENNEN EPI KOUVRI



**Anpeche moustik** viv epi miltipliye bò lakay ak biznis ou.  
**Pwoteje** tèt ou kont piki moustik ak maladi yo pote.

### DRENNEN DLO DÒMI.

**DRENNEN:** dlo nan poubèl, goutyè, kouvèti pisin, glasyè, jwèt, potafle oswa tout lòt resipyan kote dlo pou wouze oswa dlo lapli stoke.

**JETE:** vye kawotchou, dwoum, boutèy, bidon, po ak kastwòl, aparèy kase ak lòt atik ki pap sèvi.

**VIDE EPI NETWAYE:** basen zwazo ak abrevwa bèt domestik yo, youn oswa de fwa pa semenn omwens.

**PWOTEJE:** bato ak machin kont lapli ak bach ki pa kenbe dlo.

**KENBE:** konpozisyon chimik dlo pisin yo. Vide pisin an plastik yo lè yo pap sèvi.

### KOUVRI PO W AK.

**RAD:** Si ou dwe rete deyò lè moustik yo aktif, kouvri kò w. Mete soulye, chosèt, pantalon long, ak manch long.

**SOLISYON KANPE LWEN POU MOUSTIK:** Pase solisyon kanpe lwen sou po w ak rad ou. Toujou itilize solisyon kanpe lwen jan etikèt la di l la. Solisyon kanpe lwen ki fèt ak DEET, ikaridin, esans sitwon ekalptis, ak IR3535 efikas. Itilize moustikè an til pou pwoteje timoun pi piti pase 2 mwa.

**SKRINE PÒT AK FENÈT YO:** Pa kite moustik rantre nan kay la. Repare skrin fenèt, pòt, galri ak teras yo.